



Sa a se yon avi espesyal pou medam ki ansent yo oswa ki ka vin ansent nan yon ti tan oswa ki planifye pou vizite yon kote yo te obsève epidemi viris Zika.

Viris Zika se yon mikwòb moun pran lè moustik mòde yo. Te gen epidemi Zika an Afrik ak Amerik-di-Sid, Amerik Santral, Zile Pasifik yo, ak Antiy yo. Kote espesyal ki gen ka yo te obsève se Brezil, Babad, Kapvè, Kolonbi, Èl-Salvadò, Gwadloup, Ayiti, Ondiras, ak Pòtoriko. Gen posiblite pou gen epidemi tou nan kèk lòt peyi. Pou jwenn tout dènye enfòmasyon sou kote yo te jwenn viris Zika, ale sou sitwèb: <http://www.cdc.gov/zika/geo/index.html> oswa mande doktè ou.

Kimoun ki arisk pou enfekte?

Nenpòt moun ki ap viv nan yon zòn kote yo jwenn viris Zika oswa ki vwayaje nan yon zòn konsa kapab enfekte avèk viris la. Pou pifò moun, viris Zika pa lakòz yo gen maladi grav. Rezon prensipal ki fè nou enkyete pou viris Zika sèke yo te rapòte kèk ka mikwosefali (tèt ak sèvo ki gen ti gwosè) ak lòt move rezilta gwosès sou tibebe manman yo te gen viris la pandan yo te ansent. Yo planifye plis etid pou fè nou konnen risk enfeksyon viris Zika genyen pandan gwosès. Men, pou kounye a, ofisyèl sante Etazini yo rekòmande pou:

- Medam ansent yo ki nan nenpòt trimès ta dwe anvizaje ranvwaye vwayaj yo nan zòn kote yo obsève viris Zika.
- Medam ansent yo ki vwayaje nan youn nan zòn sa yo ta dwe pale avèk moun ki ap bay sèvis swen sante yo. An plis, yo ta dwe pran plis prekosyon pou pa kite moustik mòde yo pandan vwayaj la.
- Medam yo ki ap eseye vin ansent ta dwe pale moun ki ap bay sèvis swen sante ou anvan yo vwayaje nan zòn sa yo epitou yo ta dwe evite moustik mòde yo pandan vwayaj la.

Kijan viris Zika simaye?



Moun pran viris Zika sitou lè yon espès moustik ki rele Aedes ki enfekte mòde yo. Moustik yo vin enfekte lè yo mòde yon moun ki te deja enfekte avèk viris la. Apre sa, moustik ki enfekte yo kapab simaye viris la ba lòt moun lè yo mòde moun yo. Anjeneral, moustik sa yo ponn ze nan ak toupre dlo dòmi nan bagay tankou bokit, bòl, asyèt bèt manje, po flè ak vaz. Yo mòde moun lajounen.

Ka Zika viris tou gen pou gaye nan yon nonm ou fanm ki enfekte a patnè seksyèl l'yo. Yon moun ki enfekte ka transmèt viris la anvan, pandan ak apre sentòm devlope. Yon moun ki abite oswa te vwayaje nan yon zòn ki gen kontinyèl ka Zika ak ki gen yon patnè ansent ta dwe itilize kapòt oswa evite fè sèks pandan gwosès la.

Viris Zika kapab simaye ant manman ak pitit pandan gwosès la oswa toupre lè pou li akouche. Yon manman ki deja enfekte avèk viris Zika toupre lè pou li akouche kapab transmèt viris la ba tibebe li **prèske** nan lè akouchman an. Efè Segondè gwosès ak tibebe rezilta yo asosye avèk efase oswa retire Zika pandan gwosès. Pou kounye a, yo pa rapòte gen tibebe ki pran viris Zika pandan li nan tete. An teori, viris Zika kapab simaye lè yon moun pran san. Men, jiska prezan, pa gen rapò yo konnen sou sa.

Ki sentòm viris Zika a yo?

Apre 1 moun sou 5 ki enfekte avèk viris Zika ka gen sentòm yo. Sentòm ki pi komen yo se lafyè, gratèl, doulè jwenti, ak zye wouj. Anjeneral, maladi a se yon maladi ki pa grav epi li vini avèk sentòm ki dire ant plizyè jou a yon semèn, anpil jou ak yon semèn. Maladi grav la ki mande pou moun entène nan lopital ra.

Kontinye

Kijan doktè dekouvri viris Zika?

Si ou gen sentòm yo ki dekri piwo a epi si ou te vwayaje nan zòn ki gen epidemi Zika pa twò lontan, wè moun ki ap bay sèvis swen sante ou Moun ki ap bay sèvis swen sante ou ka rekòmande pou fè tèst san pou konnen si ou gen viris Zika.

Kijan viris Zika trete?

Pa gen *tretman espesifik espesyal* pou viris Zika pou kounye a. Bon jan swen sante kapab ede soulaje sentòm yo, tankou si ou repoze anpil, si ou bwè likid pou evite dezidratasyon, epitou si ou pran medikaman pou redui lafyèv la ak doulè a, tankou acetaminophen, oswa paracetamol. Ou ta dwe evite aspirin, naproxen, ibuprofen ak lòt medikaman anti-enflamatwa non-estewoyidyen (non-steroidal anti-inflammatory drugs, NSAID) jouk lè doktè kapab deside ou pa gen deng pou redui risk pou senyen.

Kijan viris Zika kapab evite?

Pa gen vaksen pou anpeche moun pran viris Zika. Si ou se yon moun enfekte ak Zika, anpeche transmisyon seksyèl nan Zika lè l sèvi avèk kapòt oswa ou pa fè sèks. Vwayajè yo kapab evite enfeksyon nan pran prekosyon pou pa kite moustik mòde yo:

Pa Kite Moustik Mòde Ou:

Pandan ou deyò nan yon zòn ki gen moustik:

Itilize yon pwodui anti-moustik. Pwodui anti-moustik EPA apwouve yo gen ladan yo sa a yo ki gen DEET, lwil ekalptis abaz sitwon, Picaridin oswa IR3535. Li enstriksyon yo ki sou etikèt pwodui a pou chèche konnen prekosyon ou dwe pran ak kantite tan pwodui a efikas.

Si ou itilize yon pwodui ki gen DEET, pa itilize konsantrasyon ki pi plis pase 30% DEET. Pase DEET nan kote nan po ou ki ekspozè (pa zye ak bouch) ak sou rad ou, men pa itilize li sou blesi oswa maleng ki louvri. Pa pase pwodui a anba rad ou.

Pa kite timoun yo pase pwodui anti-moustik sou kò yo. Pase pwodui anti-moustik nan men ou epi fwote li sou timoun nan. Pa pase pwodui anti-moustik nan zye, bouch oswa men timoun yo, epitou itilize li toutotou zòrèy yo avèk prekosyon. Pa pase DEET sou tibebe (ou kapab itilize moustikè sou kòbèy ou pote tibebe) oswa lwil ekalptis abaz sitwon sou timoun ki poko gen laj 3 zan.

Lè gen bon tan, mete rad pwoteksyon tankou chemiz manch long, pantalon long, ak chosèt.

Itilize klimatizè oswa griy nan fenèt oswa nan pòt pou fè moustik yo rete deyò. Si li nesèsè, dòmi anba yon moustikè.

Pa Kite Moustik Kale:

Moustik yo bezwen dlo pou yo kale. Jèn ti moustik yo (lav) viv nan dlo anvan yo grandi pou yo vin adilt ki kapab vole. Ou ta dwe vide veso ki kenbe dlo omwen yon fwa chak semèn pou anpeche moustik yo kale.

Veso yo: Chavire oswa kouvri po flè, bokit, poubèl ak bouwèt ou pa itilize yo. Chanje dlo nan basen zwazo yo yon fwa pa semèn.

Kanivo yo: Retire fèy yo ak lòt debri ki kapab bouche kanivo yo epi bloke dlo a.

Pisin yo: Kouvri pisin ou pa itilize yo epi chavire ti basen pou timoun yo lè ou pap itilize yo. Sonje pou kite kouvèti pisin nan san fèy ak dlo. Toujou trete gwo pisin yo epitou fè dlo a sikile ladan yo.

Vye kawotchou yo: Kouvri yo oswa jete yo. Yo se kote ki pi bon pou moustik kale.



Jèn ti moustik yo (lav) ki nan dlo



Boston Public Health Commission | Infectious Disease Bureau

1010 Massachusetts Avenue | Boston, MA 02118 | www.bphc.org | 617-534-5611

Zika Virus and Pregnancy | Haitian Creole | August 2016